*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 147 (25633)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы — газета издается с 14 марта 1923 года

2022 азы 16 август — майрæмы мæйы 16 бон, дыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ХЪУЫДДАДЖЫ НЫХАС — *Терроризмæй бахизыны мадзæлттæ*

3 ЮБИЛЕЙ — *Йæ архайд — æрдзы фарнæн*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ — *Футбол*

**Æппæтуæрæсеон фæсивæдон форум**

## "Машук"-ы – кадджын уазджыты ‘хсæн

**Пятигорскы горæты йæ куыст райдыдта Æппæтуæрæсеон фæсивæдон форум ”Машук-2022”. Уым Уæрæсейы алы регионтæй архайынц 2 мин адæймагæй фылдæр. Донецкаг æмæ Луганскаг Адæмон Республикæты фæсивæд дæр дзы æхсызгонæй сæмбæлд.**



РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**, Стъараполы крайы губернатор **Владимир Владимиров**, Паддзахадон Думæйы депутаттæ **Ольгæ Тимофеева** æмæ **Еленæ Бондаренко**, Цæгат Кавказы федералон зылды хицауады оргæнты кусджытæ уыдысты кадджын уазджыты ‘хсæн. Форум байгом кæныны размæ уазджытæн скодтой зонгæгæнæн экскурси. Федтой тематикон фæзтæ, цæгаткавказаг республикæты цатыртæ. Бабæрæг ма кодтой историон-документалон равдыст "Хъазахъ — Фыдыбæстæн службæйы хъæбатыртæ".

Сергей Меняйло фембæлд Цæгат Ирыстоны делегациимæ. Конд æрцыд фарст-дзуаппы хуызы. Республикæйы Сæргълæууæг куыд загъта, афтæмæй æрцыд фæсивæды фарсмæ балæууыны тыххæй. "Сымах стут сæрæн, уæ размæ цы нысантæ æвæрут, уыдонмæ уæндонæй цæут. Бауырнæд уæ, алцыдæр уæ къухы бафтдзæн", — загъта республикæйы Сæргълæууæг.

Форум кадджын уавæры байгом кæныны рæстæг Сергей Меняйло куыд радзырдта, афтæмæй "Машук"-ы сæмбырд сты размæдзыд, цæхæрзæрдæ лæппутæ æмæ чызджытæ. "Сымахмæ кæсгæйæ мыл тых бафты, мæ æрыгон бонтæ мæ зæрдыл æрлæууынц. Тыхджын стæм нæ сæрмагонддзинадæй. Уый та у нæ хъæздыг истори, традицитæ æмæ æгъдау. Фидæн райдайы нæ абоны бонæй. Сымах та абон цæрут, нæ Цытджын бæстæ нын размæ хонут. Уымæ гæсгæ нæ фидæн уыдзæн рæстмæ", — фæбæрæг кодта Сергей Меняйло.

Уацхæсджытимæ дзургæйæ, Сергей Меняйло куыд фехъусын кодта, афтæмæй "Машук"-ы фыццаг хатт сæмбæлд, йæ зæрдæмæ фæцыд. "Ахæм ран райгуырынц алыхуызон хъуыдытæ, нысантæ, æхсæнадæн ахсджиаг чи у, ахæмтæ. Мах цавæрдæр стандарттыл ахуыр стæм, фæсивæд та æндæрхуызон хъуыды кæны. Бауадзæм сæ сæхи бар", — фæбæрæг кодта республикæйы Сæргълæууæг.

Ацы аз форум ссис Æппæтуæрæсеон, йæ сæйраг темæ у Уæрæсейы культурон бынты аз. Комкоммæ уаджы фыццаг рад " Нæ ногдзинæдтæ" уыдзæн 13 августæй 20 августмæ. Баст уыдзæн туризмимæ, алфамбылай æмæ хæрзвадатимæ, нацитæ æмæ культурæты ‘хсæн ахастдзинæдтимæ, бархионты змæлдимæ. Дыккаг рад "Нæ хъуыдытæ" уыдзæн 20 августæй 27 августмæ. Йæ архайджытæм æнхъæлмæ кæсынц ахуырад æмæ хъомылады ног авналæнтæ, æнæформалон ахуырады профессион æмæхсæнæдтæ.

Иу рад кæндзæн нымæцон архайд, скæндзысты йæ онлайн-хуызы. Амондзысты, нымæцон тыгъдады куыд кусгæ у, æдасдзинады фарстатæ куыд æххæстгæнгæ сты, уыдæттæ. Ацы аз Цæгат Ирыстонæй "Машук"-ы архайдзысты 60 адæймаджы. Фæсивæд гранттæ райсыны тыххæй конкурсы дæр зæрдиагæй балæудзысты.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Лыгъд адæм**

### Куыстмæ – табуафси

**Цæгат Ирыстоны Адæмæн куыст дæттыны комитеты сæрдар ПЛАТЫ Альбинæйы ныхæсмæ гæсгæ, республикæйы разамынд Луганскы æмæ Донецкы Адæмон Республикæтæй нæм æрбафтæг адæмæй дыууын æртæйæн куыст радта.**

— Ныридæгæн уæрæсейаг æмæ украинаг граждайнадимæ 183 кусынхъом кары адæймагæй цыппор адæймаджы куыстмæ бацæуыны фæнд скодтой. Ацы адæмæй дыууын æртæйæн куыст радтам, цыппар адæймаджы та профессион ахуырадмæ бавнæлдтой, — загъта Платы Альбинæ.

Донбассæй нæм æрбафтæг адæм рæстæгмæ кæм цæрынц, ахæм бынæтты фæзуатыл 12 адæймагæн куыст радтын бантыст. Санатори "Тæмисчъы" аст адæймаджы кусынц дыргъдонмæзилджытæй, хъомылгæнджытæ, райдайæн къласты ахуыргæнджытæ æмæ библиотекартæй. Санатори "Æвзонгдзинад" æмæ дукани "Гурман"-ы æртæ адæймаджы кусынц æфснайджытæй. "Тæвддæттæны оператор"-ы дæсныйадыл æмæ "Информацион технологиты" программæмæ гæсгæ ахуырад райсынмæ арвыстой фæйнæ иу адæймаджы.

Уæрæсейы граждайнадимæ адæмæн ис цыфæнды уæгъд бынатмæ дæр кусынмæ бацæуыны бар. Хуыйæн фабрикæ цæттæ у 150 адæймаджы кусынмæ райсынмæ.

**("ИТАР-ТАСС")**

**Æмбырд**

### Агропромышленнон комплексы рæзт

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО кæй амыдта, уыцы æмбырды æркастысты республикæйы агропромышленнон комплексы рæзты фарстатæм. Йæ архайджытæ фæбæрæг кодтой республикæйы ахсджиагдæр къабазы вазыгджындæр нысантæ.

Сергей Меняйло куыд бафиппайдта, афтæмæй агропромышленнон къабаз экономикæйы у размæдзыддæр сектор. "Йæ пъланон рæзтимæ баст у адæмы царды хæрзхъæддзинад. Уæрæсейы Хицауад бакуыстой æмæ сфидар кодтой хъæууон хæдзарады рæзты мадзæлттæ, йæ модернизаци æмæ техникон ифтонгады нысантæ. Нæ бæстæ экономикон гæрæнты уавæры кæй ис, уый æмбарæм. Экономикæ хъæууон хæдзарадæн ног гæнæнтæ дæтты, йæ рæзты фадæттæ ивынц, зæгъæм, экспорты", — фæбæрæг кодта республикæйы Сæргълæууæг.

Йæ ныхасмæ гæсгæ, хъæууонхæдзарадон продукциуадзджытæн паддзахадон æххуысы мадзæлттæ хуыздæр кæнын хъæуы. Уæдæ хъæубæсты цæрджытæй амалхъомадæй архайынвæнд чи скодта, уыдон дæр разæнгардгонд хъуамæ цæуой. Хъæууон хæдзарады министрады бæрæггæнæнтæм гæсгæ, ацы аз къабазы рæзтæн радих кодтой 875,3 милуан сомы. Сты федералон æмæ республикон бюджеттæй. Азы фыццаг æмбис продукци радтой 5,82 миллиард сомы аргъ, уый та, фароны уыцы æмгъуыдимæ абаргæйæ, у 428,8 милуан сомы фылдæр.

Хъæууон хæдзарад æмæ хойраджы министр **Къусраты Алан** куыд радзырдта, афтæмæй 2022 азы 1 июлы стурвосы нымæц, алы хæдзарæдты нымайгæйæ, уыд 95,5 мин сæры. Уыдонæй хъуццытæ — 36,9 мин сæры, фыстæ æмæ сæгъты бæрцыл бафтыд 4,8 проценты, ныртæккæ сты 143, 2 сæры. Маргъы нымæц у 1137 мин сæры. Дзидза ауæй кодтой 18, 3 мин тоннæйы, æхсыр — 88,7 мин тоннæйы. Кæсагдарынад равдыста 1,65 мин тоннæйы.

Министр куыд загъта, афтæмæй æхсыр æмæ дзидзайы рауагъд хъæууон хæдзарады у ахсджиагдæр. "Фæстаг азты стурвосы нымæц, æхсыры æрдыгъд рæзы. Фæлæ æнæзæгъгæ нæй, дуцгæфосы куыстад æппæты зындæр æмæ æхцадомагдæр кæй у, уымæн дæр. Маргъдарыны хъуыддаг дæр экономикон гæрæнты æнцон фæцагайæн у", — фæбæрæг кодта Къусрайы-фырт.

**(Кæрон 2 фарсыл)**

**Реставраци**

### Уæлахизхæссæг Георгийы аргъуан

**Алагиры районы Хъесатыхъæуы реставраци кæнынц сыгъдæг Уæлахизхæссæг Георгийы рагон аргъуан. Кæнынц æй Аланийыл Саргъуыды 1100 азы бæрæгбоны фæлгæты.**

Аргъуан арæзт æрцыд XIX æнусы, бындур ын сæвæрдтой, спайда кодтой астæуккаг æнусты блоктæй. Специалисттæ хъавынц æххæст реставраци йæ скæнын, йæ къултæ, йæ пъолтæ, йæ сæр, йæ рæбинаг хай (алтар) æмæ хъæдын дзаума сног кæндзысты. Къултæй цас фесæфт, уымæ гæсгæ специалисттæн сæ бон у аргъуанæн йæ раздæры хуыз раиртасын.

"Скифос-РСК"-йы генералон директоры хæдивæг **Руслан Зотов** куыд зæгъы, афтæмæй кусджыты нымæц фæфылдæр кæндзысты. "Зæхцъар куы сыгом кæнæм, уæд нæ бон бауыдзæн йæ бындурмæ йын бавналын. Ныртæккæ зæхцъар исæм, æддаг къул фидар кæнæм. Цалдæр бонмæ бавналдзыстæм мидæггаг куыстытæм", — фæбæрæг кодта Руслан Зотов.

Реставрацийы уавæр сбæрæг кодта арæзтад æмæ архитектурæйы министр **Моргуаты Константин**. Куыд бафиппайдта, афтæмæй хъæуы географион уавæр куыстытæ иуцасдæр къуылымпы кæны. "Майы мæй ма дзы мит вæййы. Хъуамæ дурамайджыты нымæц фæфылдæр уа. Уыдоны бавнæлд ныртæккæ ахсджиаг у", — загъта министр.

**Янæ ВОЙТОВА**

**Репортаж**

## Æфсæнвæндаджы æнæрынцой змæлд

***Æфсæнвæндаджы лæггæдтæй пайда кæнгæйæ, мах хъуыды дæр никуы акæнæм, куыд бирæ адæм дзы фыдæбон кæны, куыд ахсджиаг у сæ архайд, ууыл. Æнцон куыст нæу, фæлæ фылдæр хатт у æнæзынгæ.***



ЧЕГЕМТЫ Руслан

— Нæ куыст у хъæугæ æмæ цымыдисаг. Бар æм чи дары, уыдонæй алкæмæй дæр арæзгæ у æфсæнвæндаджы нывыл архайд, бæлццæтты æнцойдзинад, — зæгъы Дзæуджыхъæуы æфсæнвæндаджы станцæйы хицау **Чегемты Руслан**.

Æрыгон, фæлæ дæсны разамонæг у хæзныдойнаг лæппу. Дзæуджыхъæуы æфсæнвæндаджы техникум каст куы фæцис, уæд кусын райдыдта стрелочникæй, кæнæ поезды фæтк аразæгæй.

— Æртыккаг курсы фæстæ нæм уыд практикæ Ростовы облæсты станцæ "Лихое"-йы. Уым ноджы æххæстдæрæй бамбæрстон, мæ равзæрст дæсныйадыл фæсмойнаг кæй никуы уыдзынæн, æцæгæй йæ кæй уарзын, уый. Бирæ азты фæстæ дæр æхсызгонæй æрымысын уыцы бонтæ, — зæгъы Руслан.

Зæрдæргъæвд лæппу кусгæ дæр кодта, стæй фæсауонмæ ахуырмæ бацыд Ростовы æфсæнвæндаджы паддзахадон университетмæ. 2007 азы та Русланы снысан кодтой ныры бæрнон бынатмæ.

Мах бабæрæг кодтам, нæ бæстæйы алы регионтæй, суанг фæсарæнтæй дæр поездтæ алыхуызон уæзæгтимæ кæдæм цæуынц, уыцы товарон кæрт. Вагæттæ лæууыдысты æфсæнвæндæгтыл.

— Æхсæвæй-бонæй кусгæ кæнæм, суткæйы кæцыфæнды рæстæг дæр сæ куысты уæлхъус сты станцæйы радгæс, поездты фæтк араджытæ, уæзæгтæ æмæ вагæтты уавæрмæ цæстдарджытæ. Фыццаджыдæр се ‘хæс сты æдасдзинады фарстатæ, афойнадыл маршруттæ бацæттæ кæнын. Уæзæгты уавæрмæ цæстдарджытæн сæ архайд фылдæр баст у гæххæттытимæ, цæмæй æмбæлгæ уагыл конд æрцæуой, йæ маркировкæ, вагæтты пломбæ æнæхъыгдард цæмæй уа, уымæ дæр кæсынц. Сæрмагонд зонындзинæдтæ, фæлтæрддзинад æмæ куыстыл æнувыддзинад — ацы миниуджытæй æххæст сты нæ æнгом коллективы уæнгтæ. Алчидæр дзы йе ‘вæрæн хæссы иумæйаг æнтыстдзинадмæ, архайæм, цæмæй нæ куыст уа хæрзхъæд, — зæгъы Чегемты Руслан.

Йæ цард æфсæнвæндаджы куыстимæ сбаста **Абайты Мэри**. 30 азæй фылдæр кусы товарон кæрты. Станцæйы хицауы хæдивæг йæ цæст дары алы лыстæг хъуыддагмæ дæр.

— Ивгъуыд рæстæгимæ абаргæйæ, нæ куыст фенцондæр ис, фæзындысты компьютертæ, Интернеты тыгъдадæй пайда кæнгæйæ, фыст гæххæттытæ уый бæрц нал ис. Иннæмæй та куыстуаты æппæт бæстыхаймæ дæр ис видеоцæстдард. Адæм ныл сæ уæзæгтæ бауæндынц, æмæ сæм сæ æнæкъуыхцыйæ хæццæ кæнæм, — зæгъы Мэри, товарон кæртмæ рахизгæйæ.

**(Кæрон 2 фарсыл)**



**КОЧИТЫ Хетæг, АБАЙТЫ Мэри æмæ уæзæгты уавæрмæ цæстдарæг ХЪОДЗАТЫ Вероникæ**

**Къамтæ систа ХЪАЙЫРТЫ Дианæ**

**Уæлдæфон транспорт**

### Аэропорт "Дзæуджыхъæу": бæлццæтты нымæц – зынгæ фылдæр

**Дунеон аэропорт ”Дзæуджыхъæу”-ы лæггæдтæй чи спайда кодта, уыцы уæлдæфон бæлццæтты нымæцыл азы райдайæнæй нырмæ бафтыд 30 процентæй фылдæр.**

Ахæм нымæцтæ фехъусын кодта Цæгат Ирыстоны уæлдæфон вагзалы пресс-службæ.

"Азы райдайæнæй нырмæ æрвылмæй дæр рæзы, аэропорты лæггæдтæй чи спайда кодта, уыцы адæмы нымæц. Зæгъæм, зымæгæй сæрдмæ уæлдæфон бæлццæтты нымæцыл бафтыд 30 процентæй фылдæр. Кæнæ, æрмæст июлы кой куы кæнæм, уæд, ивгъуыд азы уыцы æмгъуыдимæ абаргæйæ, бæлццæтты нымæц сырæзт 31 проценты бæрц. Бæлвырд нымæцтæй та мæйы дæргъы "Дзæуджыхъæу"-ы лæггæдтæй спайда кодтой 91 мин адæймагæй фылдæр. Уый мæйтæм гæсгæ у æппæты бæрзонддæр бæрц", — загъта пресс-службæйы минæвар.

2022 азы 7 мæйы куысты иумæйаг бæрæггæнæнтæ та сты ахæм: аэропорты лæггæдтæй спайда кодтой 407,8 мин уæлдæфон бæлццоны.

**Нæ уацхæссæг**

Дзырды фарн

*Тых ахуыры мидæг ис...*

МАМСЫРАТЫ Дæбе

**Боныхъæд**

**Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **16 августы,** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **31-36 градусы хъарм,** Дзæуджыхъæуы — **32-34 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 13,52

**Хурыскаст** — 05,08
**Хурныгуылд** — 19,00

Валютæйы аргъ

**Доллар** — 61,54 ↑
**Евро** — 62,04 ↑

12+

# Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламентмæ æвзæрстытæ

**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æвдæм равзæрст Парламенты депутатты æвзæрстытæ 2022 азы рухæны мæйы 11-æм боны**

ПАРТИЯ
РОДИНА
РОССИЯ

**Хъæлæс кæнут**

**№1**

*(Мыхуыргонд цæуы лæвар)*


# Агропромышленнон комплексы рæзт

**(Райдайæн 1 фарсыл)**

Æмбырды ма равзæрстой, "Хъæууон фæзуæтты иумæйаг рæзт"-ы паддзахадон программæ æххæст куыд цæуы, уый. Зæгъæм, дæлпрограммæ "Хъæууон бынæтты нырыккон бакаст"-мæ гæсгæ социалон æмæ инженерон инфраструктурæйы объекттæ бындуронæй сцалцæг кынынæн, аразынæн ацы аз радих кæндзысты 819,6 милуан сомы. Цыколайы хъæуы спортивон-дзæбæхгæнæн комплексы арæзтад дарддæр æххæст кæнынц, Елхоты доны хызтæ ивынц.

Ацы аз бавнæлдтой Сунжæйы, Бруты, Хуымæллæджы хъæуты доны хызтæ ивынмæ, Бруты ма аразынц 200 сывæллоны фаг скъола. Хуымæллæджы фæзындзæн спортивон комплекс. Сцæттæ уыдзысты 2023 азы. Æхсæз хъæуы — Сырх Ходы, Црауы, Дзуарыхъæуы, Майрæмададжы, Хохы Карцайы, Фыййагдоны уынгты рухсдæттæнтæ скуыстой, фæзынд сæ фистæгцæуджыты къахвæндæгтæ, фæлладуадзæн бынæттæ. Мызуры поселочы сцалцæг кæндзысты, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты чи фæмард, уыцы хъæбатырты цыртдзæвæн. Ацы азы августы кæрон къахвæндæгтæ фæзындзысты Бирæгъзæнджы хъæуы.

"Бадзырды бындурыл цæрæнуæттæ аразын æмæ сæ баххуырсыны уагыл дæттыны" программæмæ гæсгæ Кировы районы хъæвынц 7 цæрæн хæдзары саразын. Сæ иумæйаг фæзуат уыдзæн 738 квадратон метры. Æмбырдмæ æрбахуыдтой грантты райсджыты — зæхкусæг-фермерон хæдзарæдты разамонджыты. Уыдон бæлвырд радзырдтой сæ куысты, фидæнмæ нысанты тыххæй.

Æмбырды архайджытæ ма фæбæрæг кодтой хъæууонхæдзарадон ахадындзинадимæ зæхх зилдухмæ æрбайсыны æмæ Уæрæсейы донхорыггæнæн комплексы рæзты фарстатæ. Кæронбæттæн, республикæйы Сæргълæууæг хъæууонхæдзарадон ведомствæйæн бахæс кодта, агропромышленнон комплексы рæзтыл бакусын æмæ хъæууонхæдзарадон ахадындзинадимæ зæххыты хыгъд æрбадæттын.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

# Æфсæнвæндаджы æнæрынцой змæлд

**(Райдайæн 1 фарсыл)**

Куыд федтам, афтæмæй поездтæ алыхуызон уæзæгтимæ æрбацæуынц станцæмæ. Зæгъæм, Сыбырæй ласынц хъæдæрмæг, Липецкы металлургон комбинатæй — æфсæйнаг, Сызраны горæтæй — артаг. Вагæттæ цæуы Сомихæй, Азербайджанæй æмæ æндæр рæттæй. Æппæт ацы уæзæгтæ равдæлон кæнын, бынаты сæвæрын æнцон нæу. Товарон кæрты ис уæзæгтæ исæн крантæ æмæ вагæттæ дзæгъæл лæууд æппындæр нæ кæнынц.

Йæ куысты уæлхъус баййæфтам поездты фæтк аразæг **Кочиты Хетæджы.**

— Иу афæдзы размæ райстон Дзæуджыхъæуы æфсæнвæндаджы техникумы диплом. Мæ амондæн хорз хистæрты къухмæ æрбахаудтæн. Стыр бузныг дæн се 'ппæтæй дæр, уæлдайдæр **Джыккайты Батрадзæй**. Цæстуарзонæй мæ зонгæ кæны куысты сусæгдзинæдтимæ, — зæгъы Хетæг.

Станцæйы кусджыты фæллой æдзухдæр у арæхстджын. Иумæйаг æнтыстмæ сæ фæллойы хай бирæ азты хæссынц фæллойы ветерантæ, уæзæгты уавæрмæ цæстдарджытæ **Джиоты Жаннæ, Гæздæнты Жаннæ**, станцæйы радгæс **Раисæ Кюлян**, товарон кассир **Æлборты Навэллæ** æмæ иннæтæ. Уыдоны фарсмæ кусынц æфсæнвæндагыл æнувыд æрыгон фæлтæр. Раппæлинаг куыст кæны фæлтæрдджын кусæг, станцæйы хицауы хæдивæг, оперативон фарстатæн дзуапдæттæг **Туаты Зауырбег.**

Æфсæнвæндаг у, уæлдай тæссагдæр кæм у, ахæм бынат, уымæ гæсгæ домы иудадзыг цæстдард.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

Энергетикæ

# Объектты цæттæдзинад

**Фидæны фæззыгон-зымæгон афонмæ Цæгат Ирыстоны электрон тыхдæттæн хæдзарад цæттæ кæныны фæткмæ гæсгæ, компани ”Россети Северный Кавказ” Дзæуджыхъæуы электрон тыхдæттæн хызæгтæ цалцæг кæны.**

Зæгъæм, республикæйы сæйраг горæт электрон тыхæй æнæкъуылымпыйæ ифтонг кæнынæн январæй июлмæ филиал "Севкавказэнерго"-йы специалисттæ 10/6/0,4 килоВольты бæрц 6,8 километры дæргъæн электрон тыхдæттæн линитæ сцалцæг кодтой, 2 километры дæргъæн базæрондуæвæг телтæ нырыккон тæй баивтой, стæй 34 ног æфсæнбетон цæджындзы æрфидар кодтой. Ног ифтонггæрзтæй пайда кæныны фæрцы уыдзæн электроæдасдзинады фæткы фехæлды рæстæг адæмы æхсæн цæфты тæссагдзинад фæныллæгдæр кæнын æмæ электрон тыхдæттæн



телтимæ æнæзакъонæй баиу уæвыны гæнæн аиуварс кæныны фадат.

Энергетиктæ 33 трансформаторон дæлстанцæйы сцалцæг кодтой æмæ 70 трансформаторон дæлстанцæйæн техникон уагæй балæггад кодтой. Электрон тыхдæттæн хызты æндæгъдады хæрзхъæддзинад фæнывыл кæнынæн специалисттæ 17 трансформаторы сцалцæг кодтой.

Цалцæг кæныны программæ дарддæр æххæст кæндзысты. Уазал бонырхъæд цалынмæ нæма скодта, уæдмæ куыстытæ парахатæй æххæстгонд æрцæуудзысты электрон тыхдæттæн линитыл æмæ электрон тыхуарæн бынæтты.

Ацы аз компани "Россети Северный Кавказ" Дзæуджыхъæуы энергообъекттæ сцалцæг кæныны æмæ сын техникон лæггад бакæныны куыстытыл бахардз кæндзæн 20 милуан сомæй фылдæр.

Уый тыххæй фехъусын кодта компани "Севкавказэнерго"-йы пресс-службæ.

**Нæ уацхæссæг**

Газы хæдзарад

# Хæс бадомдтой

**Ацы азы авд мæймæ Цæгат Ирыстоны тæрхондæттæ газы тыххæй хæсдарджытæй компани ”Газпром межрегионгаз Владикавказ”-ы пайдайæн бадомдтой 805 милуан сомæй фылдæр.**

Афæдзы райдайæнæй нырмæ компанийы юристтæ тæрхондæттæм барвыстой хардзгонд газы тыххæй миллиард сомæй фылдæр бадомыны фæдыл 11300 æрмæгæй фылдæр. Хъæстыты 90 процентæй фылдæр хауынц республикæйы тæвдæй ифтонггæнæг кусæндæттæм. 30 мин сомæй фылдæр кæй хæсы бæрц у, ацы азы авд мæймæ Тæрхонадон пъырыстыфты федералон службæйы республикон управлени рахаста фæсарæнтæм ахæм абоненты ацыдæн гæрæнтæ сæвæрыны тыххæй 2,5 мин уынафæйы.

— Фæлхасгæнæджы хæс у афоныл æмæ йæм æнæкъуылымпыйæ æфтæг газы аргъ æххæстæй бафидын. Æууæлтæ æххæстгонд кæд не 'рцæуынц, уæд хæс тæрхондоны фæрцы бадомæм, — зæгъы компани "Газпром межрегионгаз Владикавказ"-ы генералон директор **Хъодзаты Алан.**

Уый тыххæй фехъусын кодта Æнæххæст бæрнондзинады æхсæнад "Газпром межрегионгаз Владикавказ"-ы пресс-службæ.

**Нæ уацхæссæг**

Цæстдард

# Мызд сын фыст æрцыд

**Фæллойадон архайд æххæст кæныны рæстæг æнахъомты бартæ æххæстгонд цæуынц æви нæ, Æрыдоны районы прокуратурæ уый сбæлвырд кодта.**

Паддзахадон къазнайы кусæндон "Æрыдоны районы адæмæн куыстдæттæг центр" кæй æххæст кæны, æнахъомтæн рæстæгмæ куыст дæттыны фæдыл уыцы хъуыддаджы фæткмæ гæсгæ, Æрыдоны ахуыргæнæндон 8 æнахъом адæймагимæ куыстмæ сæ райсыны фæдыл бæлвырд æмгъуыдмæ фæллойадон бадзырдтæ сфидар кодта.

Уыдонмæ гæсгæ куыстмæ кæй райстой, уыцы æнахъом адæймæгтæн, архайæг закъонæвæрынады домæнтæ халгæйæ, мызд афоныл нæ фыстой, мызд фидыны тыххæй хабæрттæ та фæллойадон бадзырды фыст нæ уыдысты.

Æрмæст районы прокуратурæйы уайдзæфы фæстæ 27 мин сомы бæрц мызд æххæстæй бафыстой.

Закъоны æргомгонд хæлдтытæ нымайгæйæ, районы прокурор ахуыргæнæндоны директорыл "Административон барадхæлдытыты тыххæй" кодексы 5.27-æм статьяйы 1-аг хаймæ ("Фæллойадон закъонæвæрынады хæлд") æмæ 5.27-æм статьяйы 6-æм хаймæ ("Фæллойадон ахастдзинæдты фæткмæ гæсгæ, кæй фидынц, уыцы мызд бæлвырдгонд афон нæ бафидын") гæсгæ сарæзта 2 административон хъуыддаджы, стæй йын бафæдзæхста закъоны хæлдтытæ аиуварс кæнын.

Прокуратурон дзуаппы акттыл æрныхас кодтой æви нæ, стæй закъонæвæрынады хæлдтытæ æцæг уагæй иуварсгонд æрцыдысты æви нæ, районы прокуратурæ уыдæттæм цæст дары.

Æнахъомты фæллойадон барты тыххæй закъонæвæрынад æххæст кæнынц æви нæ, республикæйы Прокуратурæ уымæ сæрмагондæй цæст дары.

**РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ**

Фæсарæйнаг хъуыддæгты министрад

# Ног разамонæгимæ — ныхас

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО фембæлд Уæрæсейы Фæсарæйнаг хъуыддæгты министрады регионалон оргæны ног разамонæг МАМИАТЫ Багиримæ. Уыцы бынаты раивта ХЕТÆГКАТЫ Аланы, уый дæр ацы фембæлды архайдта.**

Республикæйы разамонæг бузныг загъта Хетæджы-фыртæн, уый Фæсарæйнаг хъуыддæгты интерестæ æнтыстджынæй Цæгат Ирыстоны æххæст кодта 2017 азæй фæстæмæ. Æппынæдзух къæрцхъус уыд адæмты ‘хсæн æмæ æддагон-экономикон бастдзинæдтæм. Ныртæккæ Хетæгкаты Алан нысангонд æрцыд Казахстаны горæт Усть-Каменогорскы генералон консулы бынатмæ.



Фембæлды архайджытæ æрныхас кодтой Цæгат Ирыстоны разамынды æмæ Уæрæсейы Фæсарæйнаг хъуыддæгты министрады минæвæртты æмгуыстадыл, республикæйы бастдзинæдты рæзтыл. Мамиаты Багир Уæрæсейы Мидхъуыддæгты министрады кусы 2003 азæй фæстæмæ. Дыууæ хатты дæргъвæтин командировкæты уыд Хуссар Ирыстон æмæ Казахстаны Республикæйы. 2014 азæй 2017 азмæ уыд Уæрæсейы Фæсарæйнаг хъуыддæгты фæзуатон оргæны разамонæджы хæстæ æххæстгæнæг Дзæуджыхъæуы.

Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

**Нæ уацхæссæг**

Штабы æмбырд

# Терроризмæй бахизыны мадзæлттæ

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО скодта Терроризмы ныхмæ къамисы æмæ Оперативон штабы иугонд æмбырд.**

Республикæйы Сæргълæууæджы æххуысгæнæг **Олег Баранов** йæ раныхасы куыд бафиппайдта, афтæмæй терроризмæй бынтон тæссаг кæмæн у, йæ ныхмæ мадзæлттæй пайда чи нæ кæны, уыдонимæ ныхас рауад. "Хатдзæгтæ скодтой, ныртæккæ цæттæ кæнынц æдасдзинады паспорттæ дины куыстуæттæн. Уыдон хауынц Дзæуджыхъæуы епархимæ. Баззад ма цыппар дины кусæндоны, кæнынц дзы реконструкци кæнæ сæ ногæй аразынц", — фæбæрæг кодта Олег Баранов.

Ацы азы 1 июлмæ сæ объекттæн паспортизаци чи не скодта, уыцы 8-æй ныртæккæ 4 цæттæ кæнынц сæ æдасдзинады паспорттæ. Сергей Меняйло æмбырды архайджыты æргом аздæхта, объектты разамонджытæ терроризмæй бахъахъхъæныны тыххæй домæнтæ кæй не ‘ххæст кæнынц, уымæ. "Закъонмæ гæсгæ цы æмбæлы, уый сæ хъæуы домын, суанг административон бæрнондзинады онг. Суагъæ куыд амоны, афтæмæй хъуамæ республикæйы æппæт сæйраг объекттæн сцæттæ кæнæм æдасдзинады паспорттæ", — фæбæрæг кодта Сергей Меняйло.

Ног ахуыры аз ахуырады кусæндæттæ терроризмæй бахизыны фарстайыл дæр рауад бæстон ныхас. Æдасдзинады домæнтæн дзуапп куыд дæттынц, уый тыххæй радзырдта Национ гвардийы республикон управленийы хицау **Валерий Голота**. Йæ ныхасмæ гæсгæ, аипдзинæдтæ раиртæстой Мæздæджы æмæ Рахизфарсы районты. "Ныртæккæ сæ аиуварс кодтой, тæссагдзинады кънопкæтæ сæм фæзынд. Æппæт кусæндæттæ терроризмы ныхмæ мадзæлттæй цæттæ сты, æмбæлгæ домæнтæн дзуапп дæттынц. Фехъусын кæныны хызæгтæ, видеоцæстдары авналæнтæ сæм кусынц, хъахъхъæнджытæ сты сæ бынæтты", — фехъусын кодта Валерий Голота.

Стыр æргом аздæхтой Хъæлæс кæныны иугонд боны адæмы æдасдзинады фарстатæм, Бесланы бæллæхы 18-æм азы мадзæлттæм æмæ Аланийыл Саргъуыды бæрæгбоны нысантæм. Валерий Голота куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй Мидхъуыддæгты министрадимæ иумæ фæфылдæр кæндзысты патрулон-посты нарядты бæрц. "Уыдон дзыллон мадзæлтты рæстæг æхсæнадон фæткмæ сæ хъус дардзысты. Фæсиддзыстæм ма хицæн адæймæгты хъахъхъæнæн куыстуæттæм, адæмон дружинæтæм, Терчы хъазахъхъаг æфсадмæ. Кинологты æххуысæй рæмудзæн æрмæг сбæрæг кæныны мадзæлттæ алы ран дæр скæндзыстæм", — загъта Национ гвардийы республикон управленийы хицау.

Методикон æмæ практикон æххуыс бакæндзысты, æвзарæн къамистæ цы хæйтты уыдзысты, уыдоны разамонджытæн æмæ персоналæн. Хъыджы мадзæлттæ, Зонындзинæдты бон æмæ Аланийыл Саргъуыды бæрæгбон æнæ бæллæхтæй конд æрцæудзысты.

Уый тыххæй фехъусын кодта РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

**Нæ уацхæссæг**

Æхсызгон цау

# Нырыккон фадæттæ — посты хайады

**Дзæуджыхъæуы Весенняяйы уынджы фæндзайæм хæдзары цы 48-æм посты бастдзинады хайад ис, уый ифтонгтонд æрцыд нырыккон нымæцон техникæйæ.**






Цы æхцайы фæрæзтæ йын радих кодтой, уыдон ын лæвæрд æрцыдысты УФ-йы Президенты сæрмагонд программæ "Хæрзвадат тыгъдад"-мæ гæсгæ. Йæ фæрцы та бирæуæладзыгон хæдзæртты цæрджытæн гæнæн уыдзæн коммуналон лæггæдты тыххæй æхца сæ фатертæй æнæ рацæугæйæ фидынæн, фыстæджытæ æмæ æрвыстæгтæ регистраци кæнынæн. Бæстыхаймæ бацæуæны та ис, йæ физикон авналæнтæ къуындæг кæмæн сты, уыцы адæмы удæнцойдзинадæн пандустæ æмæ æндæр реабилитацигæнæн фæрæзтæ.

Ног компьютерон техникæ куыд кусы, уый федта РЦИ-Аланийы Нымæцон рæзты комитеты сæрдар **Гахаты Даниил** æмæ Уæрæсейы Посты бастдзинады Управленийы цæгатирыстойнаг хайады разамонæг **Калоты Олег**. Куыд загъта, афтæмæй программæмæ гæсгæ ма рæхджы ахæм нымæцон техникæ æвæрд æрцæудзæн Чкаловы уынджы посты бастдзинады хайады дæр.

**ГАСАНТЫ Валери**
**Къамтæ систа**
**ХЪАЙЫРТЫ Дианæ**

Юбилей

# Йæ архайд — æрдзы фарнæн

**Æвзонджы зæрдæ тæхгæ маргъæй уæлдай нæу. Цы хохы цъуппæй нæ ракæсдзæн æмæ кæм нæ æрбаддзæн, иу ахæм нæй. Фæлæ Цгъойты Таймураз 1960 азы Ногхъæуы астæуккаг скъола хорз бæрæггæнæнтимæ каст куы фæци, уæд æй бирæ хъуыдытæ кæнынмæ нæ равдæлд. Сывæллоны бонтæй фæстæмæ бæллыд аразæг суæвынмæ æмæ йæ гæххæттытæ балæвæрдта Цæгат Кавказы арæзтадон техникуммæ. Ахуыры фыццаг азтæй фæстæмæ уый йæхи зæрдæргъæвдæй равдыста. Математикæйæ, физикæйæ, æндæр предметтæй скъолайы æмбæлгæ хуызы цæттæгонд кæй уыдис, уый тыххæй йæ ахуыр хорз цыдис, æмæ тырныдта тагъддæр аразæджы дæсныйад райсынмæ.**

— Хъыгагæн, мæ къухы нæ бафтыд мæ ахуыр дарддæр ахæццæ кæнын, — загъта Таймураз. — Ивгъуыд æнусы 60-æм азты астæуккаг æмæ уæлдæр ахуыргæнæндæтты студенттæм дæр-иу фæсидтысты Советон Æфсады рæнхъытæм. Мæн дæр æртыккаг курсæй бахъуыд мæ кадджын хæс æххæст кæнын. Службæ кодтон Фæскавказы æфсæддон зылды г. Тбилисы 38231 радиотехникон хайы. Рæнхъон уæвгæйæ, уыдтæн хайады хицау æмæ зонгæ дæр нæ бакодтон, мæ службæйы азтæ куыд атахтысты, уый.

Ай-гъай, Цгъойты Таймуразæн, Æфсады уæвгæйæ, йæ удыхъæд бахсыст. Кад æмæ радимæ йе 'фсæддон хæс куы ахицæн кодта, уæд 1964 азы ахуыр кæнынмæ бацыд Цæгат Кавказы хæххон-металлургон институты электротехникæйы факультетмæ. Уымæн æмæ йæм хуыздæр фæкаст техникæимæ архайын, ногдзинæдтæ йæм хæссын. Цыппар азы фæстæ институт каст фæцис, дарддæр та уæрæх фæндæгтæ йæ размæ айтынг сты царды бæрзæндтæм.

Техникон зонындзинæдтæй хæрзифтонг кæй уыдис, уымæ гæсгæ йæ куыст агурын никуы бахъуыд. Уыдис Орджоникидзейы газы ифтыгъд уадзæн приборты заводы инженер, Орджоникидзейы электрон цырæгъты заводы мастер, хистæр мастер, стæй та хистæр инженер-технолог. Куыста æндæр рæтты дæр, æмæ йын кæмдæриддæр стыр кад уыдис фæллойадон коллективты. Æрыгон инженер архайдта, цæмæй куыстуæттæ, къаддæр хæрдзтæ бакæнгæйæ, фылдæр æфтиæгтæ райсой, йæ фидар æнцой æмæ ныфс та алы хатт дæр уыдысты хуымæтæг кусджытæ.

Цгъойты Таймураз кæм куыста, уыцы заводты йæ сæйраг нысан æдзухдæр уыдис алыварсы сыгъдæгдзинад хъахъхъæнын. Хуымæтæджы уымæ йе 'ргом не здæхта. Сывæллон лæппуйæ фæстæмæ йæ зæрдæйы баззадысты Ногхъæуы алыварс æрдзон бынæтты уæды рæстæджы алæмæты рæсугъд нывтæ. Уымæ гæсгæ æдзухдæр йæ архайд афтæ уыдис, цæмæй йæ бæрнигонд адæм кусой сыгъдæг, æнæниз уавæрты.

Йæ ацы ахаст ын æнæбафиппайгæ нæ фесты нæ горæты уæды рæстæджы промышленнон куыстуæтты разамонджытæ, æмæ Цгъойты Таймураз ныфсхастæй бæрзондæй-бæрзонддæр хызтис йæ фæллойадон асины къæпхæнтыл. 1974 азы январæй 1978 азы февралы онг уыдис Газ сыгъдæг кæныны паддзахадон инспекцийы Орджоникидзейы хайады хистæр инженер, фæстæдæр нысангонд æрцыд Газ сыгъдæг кæныны паддзахадон инспекцийы Цæгаткавказаг регионалон хайады хицауæй, цыппар азы та бакуыста Цæгат Ирыстоны атмосферон уæлдæф хъахъхъæныны паддзахадон инспекцийы. Кæмдæриддæр йæхи равдыста арæхстджын, хъæппæрисджын разамонæгæй. Йæ руаджы хорзæрдæм бирæ ивддзинæдтæ æрцыд бæрæггæнæг оргæнты куыст фæрæвдздæр кæныны тыххæй, æмæ нæ горæты атмосферон уæлдæф бæлвырд фæсыгъдæгдæр.

Цгъойты Таймуразы фæллойадон архайд иудадзыг æрдзхъахъхъæнынадон фарстатæ лыг кæнынимæ баст кæй уыд, уый тыххæй йæхицæн хæсыл банымадта сæрмагонд ахуырад райсын, æмæ уый йæ къухы дæр бафтыд. 1994 азы фæсауыонмæ каст фæцис Цæгат Кавказы хæххон-металлургон институты экологон факультет. Дыккаг уæлдæр ахуырад, инженер-экологы дæсныйад райсыны фæстæ уый хъæддыхдæрæй бавнæлдта Ирыстоны æрдзы фарн фæтыхджындæр кæнынмæ, æмæ йын уыцы арфæйаг куыстæн гæнæн дæр фæцис.

2002 азы августы нысангонд æрцыд РЦИ-Аланийы алфамбылай æрдз æмæ æрдзон фæрæзтæ хъахъхъæныны министры хæдивæгæй. Уыцы-иу рæстæг уыдис республикæйы Паддзахадон экологон инспекцийы хицау æмæ РЦИ-Аланийы æрдз хъахъхъæныны сæйраг паддзахадон инспектор дæр. Йæ бæрнигонд хæстæ æххæст кæнынмæ куыд бавнæлдта, уый тыххæй та нын Цгъойты Таймураз афтæ радзырдта:

— Мæ куысты фыццаг бонтæй фæстæмæ сæмбæлдтæн, дæргъвæтин рæстæг лыггонд чи не 'рцыд, ахæм фарстатыл. Сæ фылдæр баст уыдысты завод "Электроцинчы" куыстады зианхæссæг архайдимæ. Бæлвырддæр зæгъгæйæ, куыстуаты здыйы, кадмийы электронтайынгæнæн æмæ æндæр сæйраг цехтæ æмæ хайæдтæй цы химион буаргъæдты тыхджын æппæрстытæ цыдысты атмосферон уæлдæфмæ, уæлдайдæр æхсæвыгæтты, уыдон фылдæр хатт уыдысты æмбæлгæ бæрцытæй цалдæр хатты фылдæр. Уæдæ заводæй Куыдзæппарæн æрхмæ цæуæг куыстадон дæттæ та æмыдзаг уыдысты уæззау згъæрты иугæндтæй. Чъизи кодтой фыццаг цæугæдон Камбилеевкæ, фæстæдæр та Терк дæр, æмæ нæм уый тыххæй бирæ хъæстытæ цыд, ацы цæугæдон кæуылты кæлы, Цæгат Кавказы уыцы республикæты æрдзхъахъхъæнæг оргæнтæй дæр.

Ацы тыхст уавæр хынцгæйæ, республикæйы æрдзы министр Владимир Вагин æмæ йæ хæдивæг Цгъойты Таймураз "Электроцинчы" разамындæй
















бадомдтой æрдзхъахъхъæнынадон архайд банывыл кæнын. Уымæй уæлдай министрады паддзахадон инспекторты æххуысæй иудадзыг куыст цыдис заводы зианхæссæг æппæрстыты бæрцытæ фæкъаддæр кæныныл.

Цгъойты Таймураз цыппар азы бакуыста республикæйы æрдзы министры хæдивæгæй æмæ ацы рæстæгмæ райгуырæн æрдзон бынæтты сыгъдæгдзинад бахъахъхъæныны тыххæй цы хорздзинæдтæ саразта, уыдон чысыл не сты. Йæ хъæддых архайды руаджы дæсгай æнæбарлæвæрд быронддæттæ иуварсгонд æрцыдысты Дзæуджыхъæуы æмæ республикæйы районты. Куыст цыдис цæугæдæттæ æмæ горæты атмосферæйы сыгъдæгдзинад бахъахъхъæныныл дæр, æмæ уыдæтты тыххæй чысыл хъуыддæгтæ арæзт не 'рцыдысты Цæгат Ирыстоны.

Мах æппæтæй нæ радзырдтам, æрдзхъахъхъæнынадон къабазы Цгъойты Таймураз цы бæрнон бынæтты бакуыста, уыдоны тыххæй. Йæ архайд та кæддæриддæр уыд алывæрсыг æмæ раппæлинаг. Фæлæ суанг студентон азтæй фæстæмæ йæ зæрдæ æхсайдта зонадон куыстмæ. Аспирантурæ каст фæуыны фæстæ "Экологон иудадзыг цæстдарды автоматон системæ", зæгъгæ, ацы темæйыл цы диссертаци ныффыста, уый 1998 азы æнтыстджынæй бахъахъхъæдта Цæгат Кавказы хæххон-металлургон институты промышленнон электроникæйы кафедрæйы, æмæ йын Уæлдæр аттестацион къамис саккаг кодта техникон наукæты кандидаты ном.



Фæлæ Цгъойы-фырты наукон фæллæйттæ æмæ æрхъуыдыдзинæдтæ ууыл нæ хицæн кæнынц. Уый у 242 наукон фæллойæ фылдæры автор. Уыимæ 170 зонадон уацы, 34 монографийы æмæ ахуыргæнæн чиныджы, стæй 28 методикон амынддзинады, 11 патенты та йын лæвæрд æрцыд ног техникон æрхъуыдыдзинæдтæн. Цы монографитæ ныффыста, уыдонæй ранымайæн ис ахæмтæ: 1. Промышленнон куыстады экологи; 2. Экологон æдасдзинад фæуæлдæр кæнын æрзæты хъæздыг кæнын æппарæццæгтæ æфснайынæй. (Ахуыргæнæн чиныг); 3. Æрдзæй хæдзардзинæй пайда кæныны закъæттæ, æгъдæуттæ æмæ бындуртæ. (Ахуыргæнæн чиныг æмæ бæрæгуат).

Цгъойты Таймураз йæ наукон куыстыты цы техникон ногдзинæдтæ раргом кодта, уымæй уæлдай аккаг æвæрæн бахаста ирон æвзаджы ахуырадмæ дæр. 2017 азæй 2022 азмæ цы фондз уырыссаг-ирон дзырдуаты рауагъта экологийы алывæрсыг фарстаты фæдыл, уыдонæн чысыл ахадындзинад нæй канд алфамбылай æрдз бахъахъхъæныны архайды нæ, фæлæ ма нæ мадæлон æвзаджы ахуырады дæр. Йæ фыццаг чиныг у, 507 фарсы кæм ис, ахæм Уырыссаг-ирон экологон дзырдуат. Ам зайæгойты нæмттæ лæвæрд цæуынц уырыссаг æвзагæй ирон æвзагмæ тæлмацгондæй æмæ сæм цы терминтæ хауынц, уыдон дæр.

Автор чиныджы разныхасы куыд фыссы, афтæмæй Цæгат Ирыстоны фæзуаты дидинæг калгæ зайæгойтæ зындгонд сты 2018 уæлæмæ. Фæлæ бирæты нæмттæ мах нæ зонæм, уæлдайдæр — ирон æвзагыл. Уымæ гæсгæ, литературон æмæ æндæр гуырæнтæй спайда кæнгæйæ, ахуыргонды къухы бафтыд, кæцыдæр зайæгойты нæмттæ Ирыстоны алы кæмтты æмæ цæрæн бынæтты куыд сты, уый сбæрæг кæнын.

Зæгъæм, "подсолнечник"-æн ирон æмæ дыгурон æвзæгтыл ис ахæм нæмттæ: æхсынæн, хурмæзилæг, хурмæзил, сонхурæ, æхсинæн, галыцæст, хъæне, сохуран, симичкæ; "ромашка" — æхсæнкъмарæн, риухосгæрдæг, гуырбыл, æхсæнчъыхос, гуирила, къеренæг, реухаскæрдæг, саскъмарæн. Æдæппæт ацы дзырдуаты ирон нæмттæ хаст цæуынц 1834 зайæгойæн. Чиныджы хорздзинад та уым ис, æмæ æппæт зайæгойтæн дæр хицæн сыфтыл лæвæрд цæуынц сæ хуызджын къамтæ дæр, æмæ сæ уый бæлвырддæр кæны.

Ахæм хуызы арæзт у Цгъойты Таймуразы дыккаг чиныг "Цæрæгойты нæмтты уырыссаг-ирон дзырдуат" дæр. Хуызджын къамтæм æркæсгæйæ, бахъуыды кæнæн вæййы, цæрæгойтæй чи цы хуызæн у, уый. Фæлæ уавæр афтæ у, æмæ зайæгойты хуызæн ныртæккæ цæрæгойтæн дæр æрмæстдæр сæ чысыл хайæн зонæм, чи сæ цы хуыйны, уый.

Уавæр афтæ æдзæллаг у кæсæгты, уырынгонты, цæрæгойты æндæр кълæсты дæр. Уыимæ, сæ иуæй-иуты алы рæтты хонынц æндæр нæмттæй. Зæгъæм: "белка" — æхсæрæг, æхсæрсæттæг, тин, арг, тыртына, тæхсалæ, тæхсалаг, тæхсал, æхсæрулæг, туртуна; "барс" — стай, мысы, фыранк, мусу, мусуй, фæланк, кæцыдæр цæрæгойтæ та, цы хуыйнынц, уый ныронг бæрæггонд дæр не 'рцыд, раздæр азты нæ ахуыргæндтæ сæ наукон куыстытæ уырыссаг æвзагыл кæй фыстой, уый тыххæй. Уымæ гæсгæ Цгъойты Таймуразы бахъуыд кæцыдæр цæрæгойты нæмттæ, сæ равзæрдмæ гæсгæ, грекъаг, латинаг, уырыссаг æвзæгтæй тæлмац кæнын, æмæ фыццаг хатт ахæм хуызы лæвæрд цæуынц чиныджы. Зæгъæм: "бегемот" — донысырд, доныхуы; "вилорог" — сагойсыкъа; жираф — хъуырой æмæ афтæ дарддæр.

Авторы æртыккаг чиныг у Уырыссаг-ирон зæххы уæлцъары терминологион дзырдуат. Уый арæзт у зæххы агъуды æмæ уæлцъары сæйраг терминтæй. Куыд органикон дунейы наукæйы къабазы, афтæ æнæорганикон дунейы бирæ терминтæ ныронг ивд нæ уыдысты ирон æвзагмæ. Дзырдуат æхсызгон хъæугæ кæй у, ууыл ныхас дæр нæй. Уымæн æмæ æвзаг у адæмы сæйраг хъæздыгдзинад. Авторы уырны, ирон адæм раджы уа, æви æрæджы æппæтæй дæр сæ мадæлон æвзагыл дзурын кæй райдайдзысты, уый. Уыимæ, зондзысты цалдæргай фæсарæйнаг æвзæгтæ дæр. Истори, дам, бирæ дæнцæгтæ зоны, чи фæцæймард, уыцы æвзæгтæ фæстæдæр сæ къæхтыл ногæй кæй слæууыдысты æмæ сæ бындурыл алæмæты стыр сфæлдыстад кæй сырæзт, уымæн.

Цымыдисаг сты Цгъойты Таймуразы цыппæрæм æмæ фæндзæм чингуытæ Уырыссаг-ирон донуæтты терминологион дзырдуат: æмæ Уырыссаг-ирон атмосферон уæлдæфы терминологион дзырдуат дæр. Ахуырдзау æмæ студентон фæсивæдæн стыр æххуыс фæуыдзысты нæ алфамбылай æрдзы æбæлвырд тыхтæ базонынæн, уæлдайдæр ботаникæ æмæ зоологи æмæ алфамбылай æрдзимæ баст æндæр предметтæ ахуыр кæнгæйæ.

Экологи æмæ цардархайды æдасдзинады дунеон академийы æцæг уæнг, техникон наукæты кандидат Цгъойты Таймураз цы алывæрсыг зонадон куыст кæны, уымæй уæлдай, дæргъвæтин рæстæг Цæгат Кавказы хæххон-металлургон институты экологон факультеты ахуыргæнæг уæвгæйæ, студентон фæсивæдæн амоны нæ алфамбылай æрдзы æнæфыст закъæттæ æмæ уый хуыздæр бахъахъхъæныны ахадгæ мадзæлттæ. Йæхи никуы атигъ кодта æхсæнадон куыстытыл дæр. Алы азты уыдис Æрдз хъахъхъæныны æхсæнады республикон советы уæнг, ацы советы президиумы уæнг, "Росприроднадзор"-ы РЦИ-Аланийы управленийы Æхсæнадон советы уæнг.

Кæд алывæрсыг фæллойадон архайд æмæ æхсæнадон куыстытæй Цгъойы-фырт æдзухдæр æнæвдæлон вæййы, уæддæр рæстæг ссары, Æрдзхъахъхъæныны æппæтуæрæсеон æхсæнады Цæгат Ирыстоны регионалон хайад æрвылаз цы экологон конкурс расиды, уым архайынæн, æмæ алы хатт дæр уæлахиздзауыл нымад æрцæуы, йæ фыст æрмæджытæ мидисджын кæй вæййынц, уый фæдыл. Йæ бирæ азты æнæзæрдæхудт фæллойы тыххæй хорзæхджын æрцыд майдантæ "Ирыстоны намысæн", "Кады нысан", "Уæрæсейы патриот" æмæ Цæгат Ирыстоны Сæйраг Советы Кады гæххæттæй, у Уæрæсейы Федерацийы сгуыхт эколог. Мах дызæрдыг нæ кæнæм, Цгъойты Федыры фырт Таймуразы хæрзиуджытыл ма ноджыдæр кæй бафтдзæн, ууыл. Кæд ыл 80 азы сæххæст, уæддæр йæ азты уæз нæ банкъардта, разæнгардæй тырны наукæйы бæрзæндтæм. Цы архайы, уый та æдзухдæр у Ирыстоны æрдзы фарн тыхджындæр кæныныл, цæмæй нæ адæм æнæниз уавæрты цæрой йæ фæндиаг.

**ТОХСЫРТЫ Къоста**

Царды нывтæй

# "Æмæ æз ардæм хæрынмæ æрбацыдтæн?!"

**Интернеты информацион хызтæ сарæх сты æмæ бирæтæн систы ахсæнхызтæ: сæ бон нал у хуымæтæг дзырдмæ хъусын — æууæндынц, æрмæст социалон æмæ æндæр хызты кæй фенынц æмæ фехъусынц, уыцы хабæрттыл. Раст зæгъгæйæ та, сæ алкæцыдæр у бæлвырдгæнинаг — "фейк" ("мæнг дзырд", "гæды ныхас") куы разына, мыййаг. Уæлдайдæр, сæ авторты нæмттæ бæрæг нæ вæййынц. Мæнæ ацы æмдзæвгæйæн дæр йæ ныффыссæг бæрæг нæу, литературон домæнтæн дæр æххæст дзуапп нæ дæтты. Фæлæ йын йæ ныхæстыл, йæ сæйраг хъуыдыйыл зын у не сразы уæвын:**

***Ирыстоны адæмæн нозт ссис сæ дин.***
***Тæхуды, æз хисты сымах куы нал фенин!***
***Хæйрæджы холлагæй мардæн рухс кæнынц.***
***Хæрнæджы фынгыл стджытæ æхсынынц.***
***Рахъæр кæны хистæр зианджыны кæртæй:***
***"Рахæсс-ма дзы ноджыдæр уыцы арахъхъæй!***
***Ай цы у, цы 'рцыди — плов дæр уæм куы нæй?***
***Æрбавæр-ма мæ размæ уæртæ уыцы хъæдурæй!".***
***Суæгъд кæнынц сæ рæттæ, нал фæлæууы 'взаг,***
***Афтæмæй сæхæдæг фæвæййынц хæссинаг.***
***Гъе, стæй дын зæгъдзысты: "Нæма сцæттæ и хас?"***
***Гъе, уый та дын, мæ хъæбул, нæ хистæрты ныхас...***
***Ардыгæй фæстæмæ скæн дæхицæн хæс:***
***Ноздзжын адæймагæй дæхи иувæрсты хæсс.***
***Æрвонгæй куы æрвитæм мах нæ æрвылбон,***
***Уæд уыдзæн тыхджындæр нæ гыццыл Ирыстон!***

Ацы ныхæстæм хъусгæйæ, мæ зæрдыл æрлæууыдысты Къостайы æрхæндæг ныхæстæ:

***Зонын, æргæвддзыстут исты, —***
***Мардыл ма чи дары ком?***
***Алчи æфсæстæй мæ хисты***
***Ссардзæн арахъхъæй мæ ном...***

Хъыгагæн, нæ фырхъæлæй ерыстæ сисæм, чи хъæздыгдæр фынгтæ æрæвæрдзæн — цины уа, зианы уа — уæлдай нын нал у! Æмæ æрцæуæг адæм дæр — фæнды уазджытæ, фæнды мæрддзыгой — сæ гуыбынты зæрдæхудты нал бацæуынц — сæ мондæгтæ суадзынц цы хæрынæй, цы нуазынæй. Хъæбæр нозт та зонд цудын кæны. Хиуылхæцгæ адæймаг дæр ын нæ фæразы. Æрæджы дæр ма-иу, тынг кæмæ хатыдысты, уыцы хистæртæй исчи срæдыд: "Æмæ æз ардæм хæрынмæ æрбацыдтæн?!" Куывдмæ фæцæуынц кувынмæ, зианмæ — хъыг кæнынмæ, хистмæ — хæлар кæнынмæ. Хæрын кæмæ цæуы, уый йæ хæдзары бахæрæд! Æмæ бануазæд.

Мæздæджы районы "Иры Стыр Ныхас"-ы хайады хистæртæ иу æртæ азы размæ уынаффæ рахастой: зианы хабæртты хъæбæр нозт мауал æвæрæм. Фехъусын æй кодтой хъæуты, газеты дæр æй ныффыстам, сразы сты уыцы уынаффæйыл иууылдæр. Хуыцау алы хæдзар дæр бахизæд, фæлæ иу хъæуы кодтой 40-æм бон. æмæ дзы хъæбæр нозт нæ уыд, уынаффæмæ гæсгæ. Уæд дзы нæ хистæртæй иу хъæрæй бадомдта: "Цæмæй мын хæлар кæнын кæнут? Водкæ ма рахæссут!". Кæстæртæ фефсæрмы сты уыцы хистæрæй, дуканимæ ауадысты æмæ уырыссаг нозт æрбадавтой. Уæдмæ дын, уыцы хистæры фарсмæ чи бадт, уыдон дæр срæдыдысты: "Махæн дæр уæдæ уымæй рауадзут!"...

**БÆЗЫТЫ Ларисæ**




**Рагон ирон æгъдау, — хиуылхæцындзинад, уæлдайдæр зианы фынгыл, — уымæ раздæхынмæ Интернеты тыгъдады сиды æмдзæвгæйы æрыгон, æнæзонгæ автор.**

Хæрыны халсартæ

## Хуырхæг

***Хуырхæг туаг ад кæны. Зайы хохæй быдырмæ рагуалдзæгæй æрæгвæззæгмæ. Æппæт кæмтты арæх нæу. Фæзыны рагуалдзæджы фæлмæндæр мæрты, хъармдæр рæтты.***

***Хуырхæджы сыфтæ æфтыдтой цæхæраджынтæм, æхсыримæ, мисынимæ дзы кодтой цæхдон, кæм хомæй, кæм та — фæлвыхæй. Фæлæ хæрзад у иннæ кæрдæджытимæ дæр фыхæй хъæрмхуыппæн æхсыры, фиуы фæрцы.***

***Хуырхæгæй зымæгмæ хус кодтой нæ фыдæлтæ, кæм цæхæраджынæн, кæм та — хъæрмхуыппæн. Хуырхæгæн йе 'рдзон хæрзтæ чи не 'мбары, уыдонæн у туаг, фæлæ зонын хъæуы уый, æмæ уыцы туагад кæй у æвдадзы хос адæймаджы буарæн.***

*Айларты Измаилы чиныг "Ирон фарн"-æй*

Хæдзары æфсинтæн зонынæн



***Апельсинтæ æмæ лимонтæ фæлæудзысты бирæ, зайæгойты сойæ сæ куы айсæрдай, целлофаны сæ куы нывæрай æмæ сæ æхгæд мигæнæны уазал ран куы бафснайай, уæд.***

✵✵✵

*Дзул йæ ад нæ фесафдзæн, иу грамм ванилин йæ быны кæмæн æркæнай, ахæм мигæнæны йæ куы бафснайай, уæд.*

✵✵✵

***Цæхх цавæрфæнды уымæлады дæр лæудзæнис сурæй, цас у, уымæн æм йæ 8-10 процентты картофы крахмал куы бафтауай, уæд. Уыимæ, йæ ад æмæ йæ хуыз нæ фæивдзæн. Цæхх ма уымæлад нæ райсдзæн, цы мигæнæны ис, уым цалдæр нæмыджы пыриндз куы нывæрай, уæд.***

## Спортивон фидиуæг



### Футбол

# "Аланыстон" — дыккаг бынаты

**Уæрæсейы фыццаг къорды футболон чемпионаты командæтæ 13-14 августы акодтой 5-æм туры хъæзтытæ.**

Дзæуджыхъæуы "Аланыстон" фембæлд Грозныйы Султан Билимхановы номыл стадионы Тæтæры Республикæйы командæ "Нефтехимик"-имæ.

Хъæзтыл хорзæрдæм нæ фæзынд, тынг æнуд бон



кæй уыд, уый. Уазджытæ се 'ппæт тыхтæ дæр сарæзтой сæ дуармæ бацæуæнтæ ныффидар кæнынмæ. Æнтæф бон ахæм фидæрттæ басæттын уыдис ноджы зындæр, фæлæ уæддæр алайнæгтæ тырныдтой фæуæлахиз уæвынмæ.

"Аланыстон"-ы рæнхъыты уыцы бон фæзмæ рацыдысты: **№1 — Ростислав Солдатенко, №19 — Бутаты Аллон, №5 — Багаты Алан, №15 — Хъоцыты Хетæг, №13 — Зассеты Азæмæт (71' — Цоциты Алан №11), №77 — Хæбæлаты Хетæг, №22 — Цæраты Алан (71' — Хуыгаты Алан №8), №80 — Хосонты Хетæг, №20 — Артур Галоян, №7 — Абу-Саид Эльдарушев (62' — Александр Ташаев №88), №78 — Андрей Мазурин (46' — Николай Гиоргобиани №99).**

Хъæзты райдайæны дзæуджыхъæуккæгтæ бацархайдтой хъæзты рохтæ сæхимæ райсыныл, æмæ пурти фылдæр уыдис уыдонмæ. Цы цалдæр ныббырсты сарæзтой, уыдонæй иу, 8-æм минуты рауад уæлахизхæссæг. Уазджытæ, сæ дуар хъахъхъæнгæйæ, рæдыд æруагътой, æмæ сæ тæрхонгæнæг 11-метрон цæфæй фæивар кодта.

Хæбæлаты Алан ахæм уавæрæй иттæг хорз спайда кодта æмæ пурти "Нефтехимичы" дуаргæс **Игорь Обуховы** фæрсты хызмæ фæцарæзта. "Аланыстон" размæ рацыд 1:0 хыгъдæй. Куыд рабæрæг, афтæмæй ацы хыгъд баззад хъæзты кæронмæ. Уыимæ, алайнæгты дæр къорд хатт бахъуыд "Нефтехимичы" ныббырстытæн ныхкъуырд радтын.

"Аланыстон" фæуæлахиз æмæ, 11 очкойы æрæмбырд кæнгæйæ, фондз туры фæстæ цæуы 2-аг бынаты. Йæ разæй ис æрмæстдæр "КамАЗ". Уый ацы туры, уазæгуаты хъазгæйæ, фæуæлахиз Ульяновскы "Волга"-йыл 2:0 хыгъдæй.

5-æм туры командæты хъæзтытæ ахицæн сты ахæм хыгъдтимæ: "Велес (Мæскуы) — "Уфа" — 0:2, "Волгæ" (Ульяновск) — "КамАЗ" — 0:2, "Шинник" — "Родинæ" — 1:1, "Волгар" (Астрахан) — "Енисей" — 2:0, "Арсенал" (Тула) — "Динамо" (Махачкала — 1:1, "СКА Хабаровск" — "Балтикæ" — 2:2, "Аланыстон" (Дзæуджыхъæу) — "Нефтехимик" — 1:0, "Краснодар-2" — "Акрон" — 0:1.

"Аланыстон йæ радон хъæзт акæндзæн 20 августы уазæгуаты Краснодары "Хъубан"-имæ.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

| Командæтæ | Хъ | Р | Æ | Х | П | О |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. КамАЗ | 5 | 4 | 1 | 0 | 8-3 | 13 |
| **2. Аланыстон** | **5** | **3** | **1** | **0** | **8-3** | **11** |
| 3. Волгар | 5 | 3 | 1 | 1 | 6-4 | 10 |
| 4. Арсенал | 5 | 2 | 2 | 1 | 8-5 | 8 |
| 5. Балтикæ | 5 | 2 | 2 | 1 | 8-6 | 8 |
| 6. Динамо | 5 | 2 | 2 | 1 | 5-4 | 8 |
| 7. Енисей | 5 | 2 | 1 | 1 | 7-7 | 8 |
| 8. Хъубан | 4 | 2 | 1 | 1 | 6-2 | 7 |
| 9. Краснодар-2 | 5 | 2 | 1 | 2 | 4-5 | 7 |
| 10. Уфа | 5 | 2 | 1 | 2 | 5-6 | 7 |
| 11. Рубин | 4 | 1 | 2 | 1 | 6-5 | 5 |
| 12. Нефтехимик | 5 | 1 | 2 | 2 | 4-4 | 5 |
| 13. Родинæ | 5 | 1 | 2 | 2 | 4-6 | 5 |
| 14. Шинник | 5 | 1 | 2 | 2 | 6-8 | 5 |
| 15. СКА-Хабаровск | 5 | 1 | 1 | 3 | 9-9 | 4 |
| 16. Акрон | 5 | 1 | 1 | 3 | 4-8 | 4 |
| 17. Велес | 5 | 1 | 0 | 4 | 3-8 | 3 |
| 18. Волгæ | 5 | 0 | 1 | 4 | 3-11 | 1 |

## Барадон фæтк

# Тæрхон ын кæндзысты

**Дзæуджыхъæуы 48-æм скъолайы æххуысадон агъуыстыл арт бандзарынæй кæй аххосджын кæнынц, Цæгат Ирыстоны Мидхъуыддæгты министрады слестгæнджытæ ахæм бынæттон 57-аздзыд нæлгоймагыл арæзт уголовон хъуыддаг равзæрстой.**

Нæлгоймаг скъолайы кусджытæй иуимæ кæй нæ фидыдта, уый æфсонæй 3 декабры 11 сахатыл ахуыргæнæндоны æххуысадон агъуысты арт бандзæрста. Зынгсирвæзты заман 500 адæймагæй фылдæр æдас ранмæ ивд æрцыдысты, хъыгдард ничи баййæфта.

Экспертты куыд бавдыстой, афтæмæй Дзæуджыхъæуы бынæттон хиуынаффæйады администрацийæн æрхастæуыд 558 мин сомы зиан.



Фидаргонд зылынгæнæн хатдзæгимæ уголовон хъуыддаг барвыстой тæрхондонмæ. Артбандзарæгæн тæссаг у 5 азы дæргъы ахæстоны фæбадынæй.

**РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæ**

## Ирон æмбисæндтæ

*Дæхицæн цы барæнæй барай, искæмæн дæр уымæй бар.*

❋❋❋

***Адæмæй фæйнæ æндахы – æмæ мæгуырæн хæдон.***

❋❋❋

*Цæххыл цæхх кæнын нæ фæхъæуы.*

❋❋❋

***Дæ абоны зонд – дæу, райсомы зонд та – мæн.***

❋❋❋

*Хæрæг цасфæнды фезгъора, уæддæр йæ фæстаг сæпп-сæпмæ цæуы.*

❋❋❋

***Уисой зын сæттæн у, фæлæ иугай уисгай – æнцон.***

❋❋❋

*Уæззау æфсир æртасы, хус æфсир та схъæлæй фæлæууы.*

***("Рæстдзинад"-ы архивæй)***

## Арфæ

# Гæздæнты-Дойаты Дзæрæхмæты чызг Милæйæн



*Ацы бонты нæ зынаргъ, уарзон мад æмæ бабу Гæздæнты-Дойаты Милæ бæрæг кæндзæн йæ райгуырæн бон. Уый фæдыл ын зæрдиаг арфæтæ кæнæм æппæт бинонтæй дæр.*

*Милæ у Гæздæнты авд æдзард æфсымæрæн сæ минæвар — Дзæрæхмæты чызг (уыдоны 'рцыдмæ йын цæрæнбон...).*

*Милæ 50 азæй фылдæр фæкуыста социалон æххуысады министрады бæрнон бынаты. Ныртæккæ у пенсиисæг.*

*Нæ дзæбæх, уарзон, алцымбарæг æмæ зондамонæг хистæр! Бирæ азты нын æнæнизæй, уарзонæй фæцæр, царды цыдæриддæр хорздзинадæй ис, уыдонæй хайджын у дæ уарзон бинонтæ, дæ удæн æввахс æмæ зынаргъ чи у, уыцы адæмимæ.*

*Бирæ зындзинæдтæ федтай, фæлæ дын Хуыцау хъарутæ æмæ бирæ царды хæрзтæ радтæд. Сæумæрайсом зæрин Хуры цалх цы урс хæхтыл скæсы, уый тынтæй рæвдыд æмæ æфсæст у! Дунерæвдауæг Стыр Хуыцау æмæ йе сконд зæдты фæдзæхст у!*

*Мах дæ тынг бирæ уарзæм!*



***Ацы арфæтæ дын кæнынц дæ кæстæртæ æмæ уыдоны цот***

## Хъæлдзæг радзырдтæ

***ТЛАТТАТЫ Бексолтан***

### Æз дæр лæг дæн

Сценæйы хæст йæ тæккæ тынгыл уыд. Æхсаргæрдты зæлланг хъуыст, драмон къорды артисттæ сæ удæй арт цагътой. Афтид залæй сæм лæмбынæг каст драмон къорды режиссер Солтан, æмæ йæ цæсгомы æууæлтæ нæдæр æхсызгондзинад æвдыстой, нæдæр, лæппуты архайдæй разы кæй нæу, ууыл дзурæг уыдысты. Йæхицæн æнцад бадт, æмæ ам ис, уый уыдонæй исдугмæ рох дæр фæци. Уалынджы райхъуыст йæ барджын хъæлæс:

— Бауромут хæст!

Лæппутæ сæ хæцын фæуагътой, алчи сæ йæ амынд бынаты æнæ змæлгæйæ алæууыд. Чертыхъойы хæцæн бынат се 'ппæты фæстæ уыд, фæлæ уый цæмæдæр гæсгæ се 'ппæты разæй фестад. Солтан сабыр къахдзæфтæй комкоммæ уымæ бацыд:

— Чертыхъо, цал хатты дын загътон, Пъорпъор спектаклы сæйраг хъайтар у, спектаклы! Уый дыл хъуамæ фæуæлахиз уа, уый, æмæ йæ афтæмæй ды та дæ быны скæныс!

Режиссерæн йæ цæстытæ мæсты æрттывд фæкодтой, æмæ йæ ныхас балхынцъ кодта:

— Уæ бынæттæм!

Чертыхъо смæсты æмæ йæ фындзы бын багуым-гуым кодта:

— Хъайтар... Хæлынбыттыры базыртæй уæлдай дзы нæ уæз, нæ хъару ис æмæ, дам, хъæбатыр... Кæд хъæбатыр у, уæд мæ абырсæд...

Райхъуысти та Солтаны хъæлæс:

— Райдайут!

Репетици ногæй райдыдта. Стынг та ис æхсаргæрдтæй хæст. Чертыхъойы тыхджын рариуыгъдæй Пъорпъоры къухтæй æхсаргард фæтахт æмæ Солтаны тæккæ цур пъолы ныссагъд. Чертыхъомæ уый фаг нæ фæкаст: Пъорпъоры æваст йæ тæрттæй фелвæста æмæ йæ уадидæгæн йæ дыууæ уæныл авæрдта. Йæ маст ныхъуыргæ, Солтан уæззау къахдзæфтæй бацыд Чертыхъомæ.

— Цал хатты дын загътон, мæнæ лæппу, Пъорпъор пьесæйы сæйраг архайæг у, æмæ дыл уый хъуамæ фæуæлахиз уа!

Чертыхъо хæлиу алæууыд, йæ фæтæн риу размæ ракодта:

— Ныр мын цытæ дзурыс, ме 'нæзонгæ у Боцкайы фырт?! Кæм мын схъайтар? Мæ иу цонджы тых æм куы нæ ис! Абырса, дам, дæ! Цæмæн мæ хъуамæ абырса? Æз дæр мæ хæдзарæй лæгæн рацыдтæн! Æз дæр лæг дæн!

### Фæлдисæггаг

Дзодзæбе у тыхст рынчын. Сыхаг лæг Ахтæг бады йæ разы. Дзодзæбейы бинойнаг Сасинкъамæ дзуры:

— Лæг мæлын нæ фæразы, æмæ йын йæ мæрдтæм фæндаг фæрогдæр хъæуы. Тагъд фæлдисæггæгтæ арæвдз кæнут. Адылджеримæ дæр фæдзурут.

Сасинкъа, йæ цæссыгæй йæхи æхсгæйæ, ацæттæ кодта дыууæ чъирийы, карк, графины дзаг хъарм арахъхъ.

— Йæ риуыл ын сæ æрæвæр, — дзуры Ахтæг Адылджеримæ. Рынчынæн йæ фæйнæ фарс æрлæууыдысты. Ахтæг ын хойрæгтæ йæ мæрдтæмвæндагæн ныффæлдыста.

Бадынц, нуазынц, хæрынц.

Иу рæстæджы Дзодзæбе цæстæй ракаст. Арф ныууæлæфыд æмæ загъта:

— Уыцы карк куы ахæрат, уæд-иу стæй та мæ куыдзы сæр бахæрут.

Уый фæстæ ма Дзодзæбе фæцард ссæдз азы.

## Нæ риссаг фарстатæ

# Адæймаг адæймаджы хуызæн хъуамæ уа

**Æрæджы газет "Рахизфарсы цард"-ы бакастæн зындгонд журналист, ирон сылгоймаджы ном кад æмæ радимæ, тырысайау, бæрзонд чи хæссы, йе 'гъдау йæ разæй кæмæн цæуы, уый — Хосонты Земфирæйы уацхъуыд "Царды хал дæргъвæтин кæнæд". Цы йæ сусæг кæнон, æрмæг мæ зæрдæмæ афтæ тынг фæцыд, æмæ æз дæр мæ талæнтæ æргом хæссын газеткæсджыты рæгъмæ.**

Æппæты фыццаг, арфæйы ныхæстæ зæгъын Земфирæйæн, хистæрты зонд æмæ фарнимæ йæ кары чи бацыд, зæронды ном чи хæссы, уыдоныл æнувыд æмæ иузæрдион кæй у, уый тыххæй.

Нæ фыдæлтæ-иу куы базæронд сты, кусынхъом-иу куы нал уыдысты, уæддæр сæ сæ кæстæртæ рохуаты нæ уагътой. Хистæры-иу фарстой алы лыстæг хъуыддагæй дæр, æмæ йæ уымæй кадджын кодтой сæ хистæры, дыууæ, æртæ хатты кадджындæр та кæстæртæ сæхæдæг уыдысты, сæ хистæры кæй нымайынц, аргъ ын кæй кæнынц, уый тыххæй. Кæстæр куы рæдийа, уæд хистæры хæс у, цæмæй йын бауайдзæф кæна, йæ рæдыд ын бацамона, кæстæрæн уайдзæф кæнгæйæ, стыр бынат ахсы хистæры зæрдæхæлар ныхас. Зæгъæм: "Æхсарбег, ацы хъуыддаджы ды раст нæ дæ æмæ йыл басæтт! Кæнæ: "Сæрмæт, дæ мад дæ фыды хатыр бакæн, æмæ уыцы лæппуйы ма бафхæр"...

Хистæр сылгоймаг кæстæримæ куы фæныхас кæны, уæд йæ ныхæстæм бафтауы: "Мæ къона, мæ уды лæууæн, мæ цæстырухс, мæ удыгага". Ацы ныхæстæ сты сылгоймаджы уæздандзинад æвдисæг æууæлтæ, æмæ сæ кæмæн фæдзурынц, уыдон сын хъуамæ аккаг аргъ кæной.

Хистæримæ дзургæйæ, аив нæу мæнæ ахæм ныхæстæ дзурын: "Мæнæ зæронд ус!", "Уæртæ зæронд лæг!", "Æрбайхъус ма!", "Цытæ дзурыс!", "Куыд лæппу дæ?" Кæнæ йæм къухæй амонын.

Хистæр лæугæ куы кæна, уæд кæстæрæн бадын не 'мбæлы, уый дæр хъуамæ лæугæ кæна. Бадгæйæ та, цалынмæ хистæр сыста, уалынмæ кæстæр дæр хъамæ бадгæ кæна. Хистæрыл сæмбæлгæйæ, фыццаг салам радтын æмбæлы кæстæрæн, æрмæст къух раздæр хъуамæ хистæр бадара.

Хистæрмæ арфæйы нуазæн, кæнæ, нуазыны дон куы бахæссай, уæд æрлæууын хъæуы йæ рахизфарсæрдыгæй, уе 'хсæн ма иу санчъехы бæрц куыд уа, афтæ. Æмæ йæм агуывзæ кæнæ донгарз йæ хæцæнырдыгæй "табуафси", зæгъгæ, бадар, æмæ, цалынмæ хистæр кувгæ кæна кæнæ дон нуаза, уæдмæ йæ разæй ацæуын не 'мбæлы. Йæ нуазæн ноз куы фæуа, уæд ын ныллæг хъæлæсы уагæй зæгъ — хæлар дын уæд, æмæ дæ донгарз фæстæмæ райс. Уый фæстæ дзы ацæуыны бар ракур, æмæ дын бар куы радта, уæд дæ бон ацæуын у.

Рагæй дæр нæ ирон фынджы фидауц уыд, йæ фарсмæ-иу уырдыглæууæг куы лæууыд, уæд. Ныры дуджы ацы æвæджиау æгъдау хæлын райдыдта. Искуы иу фынджы бадты ма фенæн вæййы, кæстæриуæг чи фæкæны, уый. Уырдыглæууæг хъуамæ йæ галиу къухæй уадза нозт, дæтгæ та йæ ракæна йæ рахиз къухæй. Ахæм фæтк нын баззад фыдæлтæй.

Нæ ныхасы сæр абон æгъдауы тыххæй кæд у, уæд æрхæсдзынæн нæ фыдæлты царды уагæй иу таурæгъ.

Раздæр заманты адæм дæргъвæтиндæр, фылдæр кæй цардысты, уый, æвæццæгæн, дызæрдыггаг никæмæн у. Кæй зæгъын æй хъæуы, лæг-иу куы базæронд, уæд хæдзары куыстытæ кæнын йæ бон нал уыд. Ахæм зæронд лæгæн арæзтой бæрзы къалиутæй сæрмагонд тæскъ, уым æй æвæрдтой æмæ йæ бæрзонд къæдзæхæй дæлæмæ аппæрстой. Уæд, зæгъы, иу зæронд лæджы дæр уыцы къæдзæхæй тулынмæ хъавыдысты, æмæ, дам, лæг йæ лæппумæ дзуры:

"Ацы тæскъ мацы фæкæн, уымæн æмæ дæхи дæр бахъæудзæн".

Лæппу ацы ныхæстæ куы фехъуыста, уæд ахъуыды кодта, æмæ йæ фыды сæхимæ акодта. Уæдæй фæстæмæ зæронд адæмы ничиуал хъыгдæрдта.

Гъемæ, уыцы царды адæймаг бирæ æнæрастдзинæдтæ фены. Уыдонæй сæ иу у ахæм. Адæймагæн аргъ хъæуы йæ хъæздыгдзинадмæ гæсгæ нæ, фæлæ, йæ удыхъæд, йæ миддуне цы æмвæзадыл сты, уый, стæй, царды хорзæй цы сарæзта, уымæ гæсгæ. Цы йæ сусæг кæнæм, бонджын адæймаг йæ рухс дунейæ куы ахицæн вæййы, уæд æм уый бæрц мæрддзыгой æрцæуы, æмæ сæ зæхх дæр нал фæуромы. Стæй сабæттаг дæр ерысæй фæдæттынц. Мæгуыр лæджы зианмæ æрцæуынмæ та зивæг фæкæнынц, стæй, чи æрцæуы, уыдон дæр сабæттаг фæдæттынц хæрзчысыл. Куыд фидауы уый?!

Рагæйдæр зындгонд у, ирон сылгоймаг æмæ хъæбæр нозт кæрæдзийыл кæй нæ бадынц. Æцæг ирон сылгоймаг хъуамæ йæ сæрмæ ма æрхæсса, хъæбæр нозт нуазгæ нæ, фæлæ йæ йæ къухтæм дæр райсын, уæлдайдæр, зианы фынгыл куы фæбадынц, уæд. Арæх вæййы афтæ дæр, æмæ дзы иуæй-иутæн бафсис нал вæййы, æмæ уый худинаг æмæ аллайаг хабар у. Ам, фыццаджыдæр, аххосджын у, кæрты уынаффæгæнæг чи вæййы, уый. Марды номыл цы хæрд æмæ нозт æрæвæрынц фынгтыл, уыдон хъæбæр нозтæй нæ хæларчындæуы, фæлæ æрмæстдæр донæй.

Дзуринæгтæ бирæ, се 'ппæтыл газеты фæрстыл æрныхас кæнынæн нæ фадат нæ амоны. Æмæ мæ ныхас æлхынцъ кæнын мæнæ ахæм ныхæстæй: Куыд рæсугъд у, адæймаг адæймаджы хуызæн куы вæййы, уæд!

**ХÆМЫЦАТЫ Раман, Рахизфарсы районы Ныхасы ирон æгъдæутты комитеты сæргълæууæг**

## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

***ТЪЕХТЫ Валентин***

# Амайын мæсыг мæ Ирæн

*(Акростих)*

***Æз мæ уд дæттын мæ Ирæн,***
***Зарын, зардзынæн йæ цонгыл.***
***Дидинæг калæд йæ фидæн,***
***Æдзух хъуыды кæнын йæ сомыл.***
***Уæларвмæ стæхын мæ фынты.***
***Уалдзæг ралæууыд, райдыдтон***
***Амайын мæсыг мæ Ирæн.***
***Рауадзын кæртмæ рагъæй дон***
***Зæрин дыргътыл донцъирæй,***
***Ыспырх сыл кæнын цъæх сондон.***
***Нæртон куывд скæнын рæсугъд ран,***
***Мæнæ кæм худы суадон,***
***Æндæр иу дæр нæй æндæр ран,***
***Иу Иры та — мин суардон.***
***Рагæй сын зонын сæ хинтæ,***
***Ыспырх сыл кæнын ме стыр маст.***
***Судзын фыдгæнды фыдмитæй,***
***Тæссаг митæ дæр хонынц раст.***
***Ос-Бæгъатыр дæр нæ Ирмæ***
***Никæй бауагъта лæбурын...***
***Мæнæн дæр загъта Зæринæ,***
***Æз, дам, базыдтон раст дзурын.***
***Иу ахæм хъайтар ма куы фенин,***
***Рагъыл, дам, булæмæргъ фестин!***

*Ацы æмдзæвгæйы кæройнаг дамгъæтæй рауайдзæн хъуыдыйад: "Æз дæу уарзын, Мæ ИР!"*

# Уарзон Ирæн

*(Телестих)*

*Зарынц Иры бæрзонд хæхтæ,*
*Æмдзæгъд кæны æнæхъæн Кавказ.*
*Тъехты Хох дæр хиуыл ысхæцыд,*
*Æркафыди "Каф-хъаз!" заргæ.*

*Зарæг хæхтæн сæ цин хин у,*
*Тымбыл кафт та — хидкалæн у.*
*Тæхуды 'мæ чи самайа*
*Ирон мæсыг Сæнайы сæр?!*

*Уарзон Ирæн фидар сараз,*
*Бæлас ныссадз дзæгъæл хъæуты.*
*Уым дæ номыл цæрдзæн, рæздзæн,*
*Æндæр Иры цæмæн хъæуæм?!*

*Ракæн ноджы исты хæрзтæ,*
*Базон Иры, чи кæм царди?!*
*Сæрттивын кæн алкæй хæдзар,*
*Æмæ семæ хъæрæй фæзар!*

# Хъусынгæнинаг

Адæмон фронт рауагъта проект "Æппæтдæр — Уæлахизæн!" Уыцы проекты фæлгæты регионалон хайæдтæм æрбахæссæн ис æфсæддон дæлхайæдтæ æмæ сабыр цæрджытæн дзаумæттæ, уыимæ, материалон-техникон фæрæзтæ æфсæддонтæн.

Ис ма сын æхцайы фæрæзтæй баххуыс кæнæн официалон сайтæй:

**https://pobeda.onf.ru/.**

Бæстон хъусынгæнинаг проекты архайыны тыххæй райсæн ис телефонæй:

**8-(800)-200-34-11,**

стæй ма официалон сайтæй дæр

**https://pobeda.onf. ru/.**

Адæмон фронты регионалон хайады адрис:

**Дзæуджыхъæу, Димитровы уынг 2, телефон: 70-70-08.**



**РЦИ-Аланийы Æфсæддон комиссарад сиды граждæнтæм æфсæддон службæмæ контрактон бындурыл Уæрæсейы Федерацийы Гæрзифтонг тыхтæм.**

**Æвзæрст цæуынц, 18 азæй 50 азы онг кæуыл цæуы, йе 'нæниздзинад фидар кæмæн у, наркологон æмæ психотерапевтон диспансеры хыгъды чи нæй, тæрхонгонд кæмæн нæ уыд, ахæм адæймæгтæ.**

**Социалон пакет æмæ 200 мин сомæй уæлæмæ.**

**Уæ бон у, цы ран цæрут, уыцы бынаты бацæуын æфсæддон комиссарадмæ кæнæ æфсæддон контрактон службæмæ æвзарæн пунктмæ.**

**Фарстытимæ бадзурæн ис телефонтæй: 8-(8672)-25-68-92, 8-(8672)-76-83-75.**

**САНТЕХНИК: устранение засоров любой сложности. ТЕЛ.: 8-918-834-82-74 (Эльбрус).**

**Покос травы и вырубка деревьев любой сложности. ТЕЛ.: 8-909-477-60-99; 8-928-939-80-00.**

Номыры радгæс редактор — **Баскаты Уырызмæг.**
Рауагъды редактор — **Баскаты Эльзæ.**
**Дизайн:** 1-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;** 2-аг фарсæн — **Гуыцмæзты Зæринæ;** 3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
**Корректортæ:** 1-аг æмæ 3-аг фæрстæн — **Фæрниаты Мæдинæ;** 2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;** 4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)**

**Сæйраг редакторы хæдивæг БУТАТЫ Эльзæ**

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Шеф-редакортæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редакортæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Саутæты Тамилæ — 25-96-31, Тохсырты Къоста — 25-91-92, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3474.
Заказ № 898.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**